दिन—शुक्र                                                    दिनांक—17.05.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ                                        अवधिः—05 मिनट

---

लोकसभा चुनावक पाँचम चरणक लेल प्रचार अभियान अंतिम दौर मे पहुँचि गेल अछि। एहि चरणक अंतर्गत राज्यक पाँच संसदीय क्षेत्र सीतामढ़ी, मधुबनी, मुजफ्फरपुर, सारण आ हाजीपुर संसदीय क्षेत्र मे चुनाव प्रचार काल्हि सांझ पाँच बजे थमि जायत। एहि क्षेत्र सभ मे बीस मई कऽ मतदान होयब अछि। पाँचम चरण मे पंचानवे लाख सँ बेसी मतदाता छओ महिला सहित अस्सी उम्मीदवार के राजनीतिक भाग्यक निर्णय करताह। सभ सँ बेसी छब्बीस प्रत्याशी मुजफ्फरपुर लोकसभा क्षेत्र सँ छथि। जखनकि, सभ सँ कम बारह प्रत्याशी मधुबनी संसदीय क्षेत्र मे छथि। एकर अतिरिक्त सीतामढ़ी सारण आ हाजीपुर लोकसभा क्षेत्र सँ चौदह—चौदह प्रत्याशी चुनावी मैदान मे छथि। निर्वाचन आयोग एहि क्षेत्र सभ मे नओ हजार चारि सय छत्तीस बूथक स्थापना कयलक अछि। औसतन एक हजार आठ मतदाता प्रत्येक बूथ पर मतदान करताह। भाजपाक वरिष्ठ नेता आ उत्तरप्रदेश के मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आइ सारण लोकसभा क्षेत्रक अमनौर स्थित धरहरा खुर्द मैदान मे पार्टी प्रत्याशी राजीव प्रताप रूढ़ी के समर्थन मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। एम्हर, भाजपाक प्रदेश अध्यक्ष सम्राट चौधरी पूर्वी चंपारण, सीतामढ़ी, मधुबनी आ सीवान लोकसभा क्षेत्र मे एनडीए प्रत्याशीक समर्थन मे चुनावी सभा सम्मिलित भेलाह। ओतहि, सीतामढ़ी जिलाक परिहार मे लोजपा रामविलासक अध्यक्ष चिराग पासवान एनडीए प्रत्याशी देवेशचन्द्र ठाकुरक समर्थन मे चुनावी सभा के सम्बोधित कयलनि। दोसर दिस राजद नेता तेजस्वी प्रसाद यादव आ विकासशील इंसान पार्टी प्रमुख मुकेश सहनी सीतामढ़ी जिलाक रून्नी सैदपुर प्रखंड मे आयोजित सभा मे इंडी गठबंधनक प्रत्याशी अर्जुन राय के जीतेबाक अपील कयलनि।

---

लोकसभा चुनाव के सातम आ अंतिम चरणक लेल नामांकन पत्र वापिस लेबाक अंतिम दिन चारि उम्मीदवार अपन नाम वापिस लेलनि अछि। राज्यक निर्वाचन आयोग सँ प्राप्त सूचना अनुसार बक्सर लोकसभा सँ एक, काराकाट सँ एक आ जहानाबा सँ दू उम्मीदवार

अपन नाम वापस लऽ लेलनि अछि। नाम वापसीक बाद आब नालंदा संसदीय क्षेत्र सँ उनतीस, पटना सँ सत्रह, पाटलिपुत्र सँ बाईस, आरा सँ चौदह, बक्सर सँ चौदह, सासाराम सँ दस काराकाट सँ तेरह, आ जहानाबाद संसदीय क्षेत्र सँ पन्द्रह उम्मीदवार नामांकन पत्र सही पाओल गेल अछि। एहि चरणक अंतर्गत एक जून के मतदान होएब अछि।

———————————————————————

राजधानी पटना सहित प्रदेशक अधिकांश भाग मे मौसम शुष्क बनल अछि। पछिला चौबीस घंटाक दरमियान राज्यक अधिकतर स्थान पर तापमान चालीस डिग्री सेल्सियस सँ बेसी रिकॉर्ड कयल गेल। तैंतालीस दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस अधिकतम तापमानक संग बक्सर प्रदेशक सभ सँ गर्म स्थान रहल। ओतहि, पटनाक अधिकतम तापमान चालीस दशमलव तीन डिग्री सेल्सियस दर्ज कयल गेल। मौसम विभाग अगिला तीन दिनक दरमियान राज्यक अधिकतम तापमान मे एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरि के वृद्धिक पूर्वानुमान जतौलक अछि। विभाग अगिला अड़तालीस घंटाक दरमियान प्रदेशक दक्षिण–पश्चिम भाग आ नवादाक किछु स्थान पर लू के लऽकऽ औरेंज अलर्ट जारी कयलक अछि। एम्हर, मौसम विभाग दक्षिण–पश्चिम मॉनसून के सक्रिय होयबा सँ काल्हि सँ एक्कैस मई धरि राज्यक किशनगंज, अररिया सहित दक्षिण–मध्य आ दक्षिण–पूर्व भाग मे किछु स्थान पर तेज हवाक संग वर्षा आ वज्रपातक सेहो संभावना जतौलक अछि।

———————————————————————

माता सीता के जन्मोत्सव पर आइ प्रदेशभरि मे जानकी नवमीक पावनि हर्षोल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। सीतामढ़ी आ दरभंगा सहित मिथिलाक कतेको मंदिर मे एहि अवसर पर विशेष अनुष्ठान कयल जा रहल अछि। एम्हर, पटनाक महावीर मंदिर मे माता जानकी के विशेष पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। एहि अवसर पर राज्यपाल राजेन्द्र विश्वनाथ आर्लेकर आ मुख्यमंत्री नीतीश कुमार लोक सभ के शुभकामना दैत कहलनि जे माता जानकी के जीवन सँ हमरा सभ के त्याग, सेवा आ संयम एहेन गुण के अपनेबाक प्रेरणा भेटैत अछि।

———————————————————————

सुपौल जिलाक निर्मली थाना क्षेत्रक जरौली वार्ड नम्बर चारि मे आइ माटि धँसबा सँ दू महिलाक मृत्यु भऽ गेल। दुनू महिला तिलयुगा नदी मे माटि काटए गेल छलीही।

———————————————————————

बेगूसरायक विशेष पॉक्सो अदालत नाबालिग सँ वेश्यावृति कराएबाक आरोपी अमित पासवान के बीस वर्षक कारावासक संग बीस हजार टकाक जुर्मानाक, सजाए सुनौलक अछि।

———————————————————————

पूर्वी चंपारण मोतिहारी मद्यनिषेध थाना क्षेत्र मे पदसाीपित उत्पाद दारोगा विकास कुमार सिन्हा के निलंबित कऽ देल गेल अछि।

———————————————————————

समाप्त भेल।